

ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Madi 23 jen 2026 — 9:15 a.m. pou rive 12:15 pm, sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou w posede oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pase egzamen sa a. Si w genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen w lan p ap valab epi yo p ap kalkile okenn nòt pou ou.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt detache sou liy ki pi wo yo. Yo ba w yon fèy repons apa pou Pati I an. Suiv enstriksyon siveyan an pou w mete enfòmasyon sou elèv la nan fèy repons ou a. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande w yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon w lan.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou dwe reponn **tout** kesyon ki nan **tout** pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsse pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 28 kesyon ki gen plizyè chwa. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon espikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Dezyèm pati a gen de kesyon repons kout. Ekri repons ou yo pou kesyon sa yo nan ti liv redaksyon an, apati paj 3.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A gen dokiman yo ladan l. Lè w rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non w ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan ti liv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, apati paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a

Enstriksyon (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa w la *kantite* mo oswa ekspresyon pami sa yo bay yo ki pi byen konplete deklarasyon an oswa reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

“Nou gen lwa ak koutim nou, nou menm tou.”

—Gachradodow
Pennsilvani, 1744

. . . Avèk yon vwa fò, epi avèk yon aksyon apwopriye, Gachradodow te pale jan sa a:

“*Gran Assaragoa*, okòmansman monn nan te fèt lòt bò Gwo Dlo a, diferan de sa li ye nan bò sa a, jan nou ka wè nan diferan koulè po nou ak chè nou, e sa nou rele jistis la ka pa konsa nan mitan nou. Ou gen lwa ak koutim ou yo, epi nou menm tou. Gran Wa a ta ka voye w al konkeri *Endyen yo* [Ameriken natif natal yo], men pou nou, sanble Bondye pa t apwouve sa. Si l te fè sa, li pa t ap mete Lanmè a kote l ye a, kòm limit ant nou menm ak avè w. . . .

Frè Assaragoa . . . Ou byen konnen lè blan yo te vin la okòmansman, yo te pòv; men kounye a yo gen tè epi yo vin rich grasa yo, epi nou menm nou pòv kounye a: ti sa nou te genyen kòm tè a ale byen vit, men tè a dire pou tout tan.” . . .

Sous: The Lancaster Treaty of 1744 (Trete Lancaster a nan ane 1744)

- | | |
|--|---|
| <p>1 Ki pi bon konklizyon nou ka tire apati pasaj sa a?</p> <ul style="list-style-type: none">(1) Ewopeyen yo te konprann epi respekte tradisyon kiltirèl Endyen Ameriken Natifnatal yo.(2) Yo te garanti libète relijyon nan Pennsilvani.(3) Endyen Ameriken Natifnatal yo te gen anpil respè pou wa Angletè a.(4) Kreye trete te yon fason pou pale sou diferans ki genyen ant Endyen Ameriken Natifnatal yo ak kolon yo. | <p>2 Ki konsekans enkyetid ki ekspriye nan ekstrè sa a?</p> <ul style="list-style-type: none">(1) Endyen Ameriken Natifnatal yo te gen dwa kenbe kontwòl sou tè zansèt yo.(2) Espansyon ameriken an te kontinye pouse Endyen Ameriken Natifnatal: yo nan direksyon lwès.(3) Endyen Ameriken Natifnatal yo te rete net pandan revolisyon ameriken an.(4) Kolaborasyon avèk kolon yo te mennen nan yon gwo kwasans nan popilasyon Endyen Ameriken Natifnatal yo. |
|--|---|

Sèvi ak pasaj ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 3 ak 4.

. . . Tout pouvwa a se nan pèp la li ye, epi li soti nan pèp la; majistra yo se administratè ak sèvitè yo epi yo tout tan responsab devan yo. . . .

Sous: Virginia Declaration of Rights (Deklarasyon Dwa Vijini), 12 jen 1776

- | | |
|---|---|
| <p>3 Ekstrè sa a montre ki devlopman istorik nan istwa Etazini?</p> <p>(1) kwasans sipò kolonyal pou palman britanik la</p> <p>(2) sipò pou enklizyon fanm nan lavi piblik kolonyal la</p> <p>(3) evolisyon nan otonomi kolonyal</p> <p>(4) yo mete aksan sou gason ki edike nan pòs kolonyal</p> | <p>4 Ki prensip deklarasyon endepandans lan ki reflekte nan pasaj sa a?</p> <p>(1) separasyon pouvwa</p> <p>(2) federalis</p> <p>(3) konsantman moun y ap gouvènè yo</p> <p>(4) sifraj inivèsèl</p> |
|---|---|

Sèvi ak pasaj ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou w reponn kesyon 5 ak 6.

. . . Vandredi 10 desanm 1819, Jefferson te pran nòt de yon deba nan kongrè a ki te gen gwo enplikasyon: kondisyon pou yo ta ajoute Missouri nan Inyon an. Chanm reprezantan an te vote pou admisyon an sèlman si dispozisyon kont esklavaj yo te fè pati akò a; sena a, kote eta esklav yo te gen plis enfliyans, te refize antann yo.

Depi konvansyon konstitisyonèl la rive jis nan acha Lwizyàn, Nòdès la te pè pou yon elajisman esklavaj nan Sid ak Lwès pa ta bay enterè esklavajis yon kontwòl pèmanan sou peyi a. An menm tan, Sid la ak Lwès te pè pou lavni esklavaj.

Pou Jefferson, se te pi move moman yo. Li te konnen esklavaj se te yon move bagay moralman e li te kwè li t ap gen pou l aboli finalman. Sepandan, li pa t kapab fòse tèt li pou l travay pou emansipasyon. Antanke politisyen, li te konprann tansyon ant seksyon yo te reprezante pi gwo menas pou inyon an. Nan pwòp karyè piblik li, yo te deja menase l pandan mouvman sesesyonis yo nan Nòdès la konsènan acha Lwizyàn, epi pi devan, konsènan anbago a. . . .

Sous: Jon Meacham, *Thomas Jefferson: The Art of Power (Fason pou Aplike Pouvwa)*, Random House, 2013

5 Baze sou pasaj sa a, ki pwennvi ansyen Prezidan Thomas Jefferson te genyen konsènan deba kongrè a sou admisyon Missouri nan Inyon an?

- (1) Li te pè pou dezakò sou esklavaj la ta menase Inyon an.
- (2) Li te kwè yo ta dwe admèt Missouri kòm yon eta lib.
- (3) Li te panse yo ta dwe pase yon amannman pou pwoteje esklavaj.
- (4) Li te sipòte dwa eta yo genyen pou separe de Inyon an.

6 Ki efè enpòtan konpwomi Kongrè a te genyen nan lane 1820?

- (1) Dèt etranje yo te vin tounen pi gwo difikilte pou inite nasyonal la.
- (2) Tansyon ant seksyon yo pa t yon menas pou nasyon an ankò.
- (3) Esklavaj la te fini nan lwès rivyè Misisipi.
- (4) Li te prezève Inyon an pandan plis pase 30 an.

Sèvi ak adrès ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 ak 8.

. . . Sanble gen yon krent nan mitan pèp Eta Sid yo, lè yon administrasyon repibliken rive sou pouvwa a, pwopriyete yo, lapè yo ak sekirite pèsonèl yo pral an danje. Pa janm gen okenn rezon valab pou gen yon enkyetid konsa. Anfèt, pi gwo prèv ki montre lekonn te egziste depi lontan e te ouvè pou enspeksyon yo. Yo jwenn li nan prèske tout diskou moun k ap pale avè w kounye a te pibliye yo. Mwen sèlman site youn nan diskou sa yo lè mwen deklare “Mwen pa gen okenn objektif, ni dirèkteman ni endirèkteman, pou bloke enstitisyon esklavaj la nan Eta kote l egziste a. Mwen kwè mwen pa gen okenn dwa legal pou m fè sa, epi mwen pa gen okenn anvi pou m fè sa.” . . .

Sous: Prezidan Abraham Lincoln, First Inaugural Address (Premye Diskou Inogirasyon), 4 mas 1861

- | | |
|--|---|
| 7 Ki objektif prensipal Prezidan Abraham Lincoln te genyen pou l ajoute paragraf sa a nan premye diskou inogirasyon l lan? | 8 Plizyè ane apre diskou sa a, Prezidan Lincoln te eksprime yon lòt pwennvi anrapò ak esklavaj lè li te |
| (1) pou prezante endistri nan Sid riral la | (1) deklare sipò pou atak John Brown nan Harper's Ferry a |
| (2) pou vote 13yèm, 14yèm ak 15yèm Amannman yo | (2) pibliye pwoklamasyon emansipasyon an |
| (3) pou bay Sid la asirans epi evite lagè sivil | (3) aplike lwa Kansas-Nebraska a |
| (4) pou ranvèsè desizyon <i>Dred Scott</i> la | (4) sispann habeas corpus nan eta ki an rebelyon yo |
-


Sèvi ak pasaj ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou w reponn kesyon 9 ak 10.

. . . Pi pre lakay nou, jounal yo di nou yon lòt fwa ankò vennsenk mil gason, san nou pa mansyone fanm yo, ap mande travay nan Chicago; yo rapòte popilasyon chak gwo vil nan rejyon Misisipi a ap ogmante nan yon vitès nou pa abitye wè; lò ak ble ap bese rapidman nan mache yo, men pri lwaye yo ap monte, epi yo plenyen konstrikte yo pa reponn ak demann pou lojman ki adapte ak bezwen moun ki fenk vini yo, ki se sitou gason ki gen ti mwayen ak jèn fanmi, ki anvi jwenn yon lojman nan vil la sou prèske nenpòt kondisyon ki pral ba yo yon chans pou yo gen yon dwa pou yo rete. . . .

Sous: Frederick Law Olmsted, Address to the American Social Science Association (Diskou devan Asosyasyon Syans Sosyal Ameriken an), 25 fevriye 1870

- | | |
|--|---|
| 9 Ki chanjman ki te fèt Ozetazini nan fen 19yèm syèk la ki dekri nan pasaj sa a? | 10 Sitiyasyon ki dekri nan pasaj sa a te lakòz |
| (1) kwasans nan aksè ak pwopriyete prive | (1) ogmantasyon demann yo fè gouvènman lokal yo pou bay sèvis |
| (2) yon ogmantasyon nan ibanizasyon | (2) gwoup fanm k ap chèche dwa pou yo vote |
| (3) yon diminisyon nan travay pou moun k ap travay nan faktori yo | (3) presyon pou limite libète nan laprès |
| (4) yon diminisyon nan teknoloji agrikòl | (4) tantativ gwoup tanperans yo fè pou entèdi lavant alkòl |
-

Sèvi ak foto ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 ak 12.



Sous: Bruce Roberts, 1965


11 Kondisyon tankou sa ki parèt nan foto sa a te rezilta

- (1) aksyon biwo moun afranchi yo
- (2) pasaj Lwa Jim Crow
- (3) garanti sitwayènte nan lwa Dawes la
- (4) adopsyon pwogram aksyon pozitif

12 Ki desizyon ou pi gwo tribinal Etazini an te pran ki te bay sipò legal pou sitiyasyon ki parèt nan foto sa a?

- (1) *Gibbons v. Ogden*
- (2) *Worcester v. Georgia*
- (3) *Dred Scott v. Sanford*
- (4) *Plessy v. Ferguson*

Sèvi ak karikati ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 13 ak 14.



Sous: Clifford Berryman, *Washington Evening Star*, 15 out, 1914

- | | |
|---|---|
| <p>13 Ki deklarasyon ki pi byen dekri pwennvi ki nan desen sa a?</p> <ul style="list-style-type: none"> (1) Enperyalis sèlman nan avantaj nasyon ki pa nan Etazini. (2) Konstriksyon Kanal Panama a t ap amelyore ekonomi ameriken an. (3) Pifò nasyon nan Amerik Latin nan te vin kapab voye bato yo nan kanal la. (4) Kanal la t ap mete fen nan konfli nan Karayib la ak Amerik Latin nan. | <p>14 Ki gwoup ki te pi opoze ak evènman ki dekri nan desen sa a?</p> <ul style="list-style-type: none"> (1) refòmatè pwogresif yo (2) endistriyalis yo (3) sendika travayè yo (4) moun ki kont enperyalis yo |
|---|---|

Sèvi ak foto ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 15 ak 16.

Komisè adjwen lapolis vil Nouyòk, John A. Leach, adwat, ap gade ajan yo k ap vide alkòl nan yon egou, apre yon operasyon pandan entèdiksyon an nan ane 1920 yo.



Sous: Library of Congress (Bibliyotèk kongrè a)

15 Ki aksyon ki te mennen nan sitiyasyon ki dekri nan foto sa a?

- (1) adopsyon Lwa Antitrust Sherman nan
- (2) aplikasyon yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl
- (3) ratifikasyon 18yèm amannman an
- (4) etablisman komisyen refòm lojman an

16 Poukisa sipò piblik la pou aktivite tankou sa yo ki parèt nan foto sa a te diminye?

- (1) Li te difisil pou kontwole konpòtman pèsònèl.
- (2) Bidjè federal la pa t kapab balanse.
- (3) Vwayaj piblik te deranje.
- (4) Espesyalis anviwònman yo te sòlve enkyetid.

Sèvi ak foto ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 17 ak 18.

Hooverville Seattle, Washington



Sous: James P. Lee, 10 jen 1937 (adapte)

17 Ki rezon prensipal ki te fè “Hooverilles” tankou sa ki parèt nan foto sa?

- (1) Plizyè milyon Ameriken te nan chomaj pandan Gwo Depresyon an.
- (2) Konstriksyon otowout yo te detwi katye iben yo.
- (3) Konstriksyon lojman pa t kapab suiv demann kay nan banlye.
- (4) Lè antre Etazini nan Dezyèm Gè Mondyal la sa te kreye yon mank materyo konstriksyon.

18 Nouvo Kontra Prezidan Franklin D. Roosevelt la te eseye adrese pwoblèm ki parèt nan foto sa a lè li te

- (1) refere pwoblèm nan bay Kou Siprèm la
- (2) itilize polis lokal la pou mete moun ki rete nan “Hooverville” yo deyò
- (3) livre manje, dlo ak materyèl medikal bay rezidan yo
- (4) bay travay ak ipotèk pou kay ak to enterè ki ba

Sèvi ak rezolisyon ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 19 ak 20.

. . . Sena a ak Chanm Depite Etazini ki reyini nan Kongrè a te deside lè lagè a eklate oswa pandan lagè a ap dewoule ant de oswa plis eta etranje, prezidan an dwe pwoklame reyalite sa a, epi apre sa li pral ilegal pou moun k ap ekspòte zam, minisyon, oswa zouti lagè soti nan nenpòt kote nan Etazini, oswa nan posesyon Etazini, nan nenpòt pò nan eta rebèl sa yo, oswa nan nenpòt pò net pou transbòde ale, oswa pou itilizasyon, yon peyi rebèl.

Prezidan an, pa mwayen pwoklamasyon, dwe bay [non] zam, minisyon, oswa zouti lagè ki gen ekspòtasyon lwa sa a entèdi.

Prezidan an ka, detanzantan, pa mwayen pwoklamasyon, pwolonje anbago sa a sou ekspòtasyon zam, minisyon, oswa zouti lagè bay lòt eta yo lè yo ta vin enplike nan lagè sa a. . . .

Sous: Joint Resolution of Congress (Rezolisyon Konjwen Kongrè a), 31 out 1935

19 Kongrè a te pase rezolisyon sa a pou yo ka


- (1) sipòte patisipasyon Etazini nan Lig Nasyon
- (2) sipòte devlopman endistriyèl nan Etazini
- (3) anpeche patisipasyon nan konfli etranje yo
- (4) anpeche envazyon Almay nan Polòy

20 Ki aksyon lejislatif kongrè a te poze apre ki te reflekte yon chanjman nan rezolisyon sa a?

- (1) Lwa Wagner
- (2) Lwa Sekirite Sosyal la
- (3) Lwa sou Kondisyon Travay
- (4) Lwa sou prè pou lwaye

Se nou k deside kite paj sa a vid.

Sèvi ak foto ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 ak 22.



Sous: National Archives, avril 1942 (adapte)

21 Ki evènman ki te mennen nan sitiyaşyon ki parèt nan foto sa yo?

- (1) Japonè yo te livre tèt yo bay Etazini.
- (2) Etazini te sibi yon atak nan Pearl Harbor.
- (3) Kou SIprèm nan te pran yon desizyon nan ka *Korematsu v. Etazini*.
- (4) Etazini te lage yon bonm atomik sou Hiroshima ak Nagasaki.

22 Ki aksyon gouvènman Etazini te poze pandan Dezyèm Gè Mondyal la foto sa yo ilistre?

- (1) segregasyon rasyal nan lame a
- (2) anprizònman Japonè Ameriken yo
- (3) anboche plis fanm pou travay nan endistri defans lan
- (4) depòte sitwayen ki te opoze ak konskripsyon an

Sèvi ak diskou ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24.

. . . Sitiyasyon ekonomik Ewòp twouve l nan moman an vin pi difisil pou l goumen ant moun ki vle rete lib ap viv anba otorite lalwa ak moun ki ta sèvi ak pwoblèm ekonomik kòm pretèks pou etabli yon eta totalitè .

Ane kap vini yo ka detèmine si peyi lib Ewòp yo ap kapab prezève eritaj libète yo a. Si Ewòp pa reyisi retabli, pèp peyi sa yo ka tonbe nan filozofi dezespwa a—filozofi ki pretann bezwen fondamantal yo ka satisfè sèlman lè yo abandone otorite fondamantal yo bay kontwòl totalitè .

Yon chanjman konsa t ap yon gwo kou pou lapè ak estabilite nan monn nan. Li ta ka byen oblije nou modifye pwòp sistèm ekonomik nou an epi renonse, pou pwòp sekirite nou, pwofite anpil nan libète ak privilèj nou yo.

Se pou rezon sa yo Etazini gen yon enterè tèlman vital pou ranfòse kwayans pèp Ewòp, libète anba laperèz ak mizè ap reyalize anba gouvènman lib ak demokrat

Sous: Prezidan Harry Truman, Special Message to Congress (Mesaj Espesyal pou Kongrè a),
19 desanm 1947


23 Poukisa Prezidan Harry Truman t ap chèche sipò nan diskou sa a?

- (1) zam atomik pou mete fen nan Dezyèm Gè Mondyal la
- (2) pwosè Nuremberg yo pou pousuiv kriminel lagè
- (3) asistans ekonomik atravè Plan Machal la
- (4) fen segregasyon nan lame yo

24 Prezidan Truman te bay diskou sa a paske li te pran angajman pou

- (1) retounen nan izolasyonis anvan Dezyèm Gè Mondyal
- (2) anpeche pouvwa Aks yo pran kontwòl Ewòp
- (3) kontrekare pwopagasyon kominis la
- (4) kraze Òganizasyon Trete Atlantik Nò a (OTAN)

Sèvi ak graf ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 ak 26.



Sous: Women's Sports Foundation (adapte)

- 25

Ki aksyon gouvènman an ki te responsab dirèkteman pou chanjman nan patisipasyon tifi yo ki dekri nan graf sa a?

(1) adopsyon Tit IX

(2) adopsyon Lwa Ameriken sou Andikap yo

(3) yon manda egzekitif Prezidan Ronald Reagan te bay

(4) desizyon Tribinal Siprèm nan ka *Mapp v. Ohio*
- 26

Youn nan rezilta chanjman ki mansyone nan graf sa a se te

(1) yon ogmantasyon nan salè antrenè spò nan lekòl segondè yo

(2) yon diminisyon nan kantite total elèv k ap patisipe nan spò lekòl segondè

(3) yon diminisyon nan kantite total fanm ki resevwa diplòm inivèsite

(4) yon ogmantasyon nan kantite fanm k ap resevwa bous detid pou spò nan inivèsite

Sèvi ak foto ki vin apre a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 ak 28.

Yon travayè WPA ap resevwa yon chèk pèman, janvye 1939



Sous: National Archives

**Yon Pwojè Ekspansyon pon ki jwenn finansman Lwa sou
Rekiperasyon ak Lòt Envestisman Ameriken an, Jiyè 2009**



Sous: Encyclopedia Britannica

27 Ki faktè ki te lakòz kondisyon ki parèt nan foto sa yo?

- (1) ogmantasyon pousantaj chomaj
- (2) dega akòz gwo move tan
- (3) chanjman popilasyon akòz ogmantasyon kantite bebe ki fèt
- (4) kwasans sosyete miltinasyonal yo

28 Foto sa yo montre yon gouvènman federal ki sipòte

- (1) kontwòl antrepriz k ap fè fayit
- (2) retounen nan prensip kapitalis san entèvansyon an
- (3) envesti nan travay piblik ak pwojè enfrastrikti
- (4) ede pwopriyetè gwo biznis yo men pa travayè yo

Se nou k deside kite paj sa a vid.

Repons pou Kesyon Redaksyon-Kout yo (29 ak 30) ak kesyon Redaksyon sou Konesans Sivik (37) dwe ekri nan ti liv redaksyon apa a.

Pati II

KESYON REDAKSYON-KOUT YO (KRKs)

Kesyon Redaksyon-Kout sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsevwa pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak seri Kesyon Redaksyon-Kout gen de (2) dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa yo menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

KRK Seri 1 (Kesyon 29)

Sa pou fè: Li ak analize dokiman sa yo, pandan w ap aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman sa yo
- Idantifye epi eksplike **relasyon** ki genyen ant evènman yo ak/oswa lide yo jwenn nan dokiman sa yo (Kòz ak Efè, **oswa** Resanblans/Diferans, **oswa** Pwen Detèminan)

Nan devlope repons redaksyon-kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf, asire w ke ou kenbe eksplikasyon sa yo nan tèt ou:

Dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la.”

Kontèks Istorik refere a “sikonstans istorik enpòtan yo ki antoure oswa konekte evènman yo, lide yo, oswa devlopman yo nan dokiman sa yo.”

Idantifye vle di “bay yon non ak oswa nome.”

Eksplike vle di “pou senplifye oswa fè li fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon.”

Kalite Relasyon yo:

Kòz refere ak “yon bagay ki kontribye nan aparisyon yon evènman, ogmantasyon yon lide, oswa mizanplas yon devlopman.”

Efè refere ak “sa ki pase kòm yon konsekans (rezilta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.”

Resanblans di “fason yon bagay sanble oswa menm nan ak yon lòt bagay.”

Diferans di “fason yon bagay pa sanble oswa pa menm ak yon lòt bagay.”

Pwen Detèminan se “yon gwo evènman, ide, oswa devlopman istorik, ki mennen chanjman siyifikatif. Li kapab lokal, rejyonal, nasyonal, oswa jeneral.”

Enstriksyon KRK Seri 1 (Kesyon 29): Li ak analize dokiman ki swiv yo avan ou ekri redaksyon kout ou nan ti liv redaksyon apa a.

Dokiman 1

. . . Menm jan lòt lwa sou dwa sivik yo te fè diskriminasyon ki te otorize anvan an ilegal, se konsa tou pasaj Lwa Ameriken sou Andikap yo an 1988 te vin entèdi diskriminasyon pwoteksyonis, patènalis, ak inyoran kont tout moun ki andikape.

Nou menm, antanke moun andikape, nou la jodi a pou nou asire gwoup Ameriken andikape yo lavi chak jou nòmal Ameriken ki pa andikape yo twò souvan pran kòm yon bagay yo jis genyen: dwa pou monte yon bis oswa yon tren; dwa pou nenpòt travay ke nou kalifye pou li; dwa pou antre nan nenpòt teyat, restoran oswa lojman piblik; dwa pou achte yon kay oswa lwe yon apatman; dwa pou gen kominikasyon apwopriye.

Kit ou gen enfeksyon VIH, kansè, maladi kè, pwoblèm do, malkadi, dyabèt, polyo, distrofi miskilè, paralizi serebral, esklewoz miltip, ou soud oswa avèg, diskriminasyon afekte nou tout menm jan. Senpleman, nou la jodi a pou nou di moun nan sosyete nou an te grandi ak atitid prejije ki lakòz diskriminasyon ekstrèm kont 42 milyon moun ki andikape Ozetazini. . . .

Sous: Judith Heumann, Joint House-Senate Hearing on Discrimination on the Basis of Disability
(Odyans Konjwen Chanm Reprezantan-Sena sou Diskriminasyon ki baze sou Andikap),
27 septanm 1988

Dokiman 2

. . . Siksè nou ak aksyon sa a pwouve nou kenbe lafwa nan espri zansèt vanyan nou yo ki te ekri nan Deklarasyon Endepandans: "Nou konsidere verite sa yo kòm evidan, tout moun kreye egale, Kreyatè yo ba yo sètèn dwa sakre." Pawòl sa yo te gid nou pandan plis pase de syèk pandan n ap travay pou fòme yon inyon ki pi pafè. Men, yon fason trajik, pou twòp Ameriken, benediksyon libète yo te limite oswa menm refize. Lwa Dwa sivil 1964 la te fè yon gwo pa pou korije mal sa a. Men, reyalite a te toujou moun ki andikape yo te toujou viktim segregasyon ak diskriminasyon, e sa pa t yon bagay nou ka tolere. Lwa jodi a ap pwoche nou pi pre jou sa a kote okenn Ameriken p ap janm pa jwenn garanti debaz yo genyen pou viv, pou gen libète, ak chèche byennèt.

Aksyon sa a pisan malgre senplisite li. Sa ap pèmèt nou asire moun ki andikape yo resevwa garanti debaz yo te travay di pou li depi lontan: endepandans, libète pou chwa, kontwòl sou lavi yo, opòtinite pou yo entegre nèt epi nan rich mozayik sosyete ameriken an. Legalman, sa pral bay kominote andikape nou an yon gwo espansyon pwoteksyon epi apre otorite sivil debaz yo. Li pral garanti yon aksè san patipri e ki jis nan fwi lavi Ameriken an nou tout dwe kapab pwofite. . . .

Sous: Prezidan George H. W. Bush, Remarks at the Signing of the American with Disabilities Act (Pawòl li te fè nan siyati Lwa Konsènan Ameriken ki Gen Andikap yo), 26 jiyè 1990

KRK Seri 1 (Kesyon 29)

Sa pou fè: Baze sou lekti ak analiz ou de dokiman sa yo, aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman sa yo
- Idantifye epi eksplike **relasyon** ki genyen ant evènman yo ak/oswa lide yo jwenn nan dokiman sa yo (Kòz ak Efè, **oswa** Resanblans/Diferans, **oswa** Pwen Detèminan)

Gid:

Nan redaksyon kout ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte travay la avèk reyalite ak egzanp ki enpòtan

Ou *pa* oblije enkli yon entwodiksyon oswa yon konklizyon apa nan redaksyon kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf.

KRK Seri 2 (Kesyon 30)

Sa pou fè: Li ak analize dokiman sa yo, pandan w ap aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman 1 ak 2
- Analize **Dokiman 1** epi eksplike kòman *odyans*, **oswa bi**, **oswa patipri**, **oswa pwen de vi** afekte itilizasyon dokiman sa a kòm yon sous fyab pou prèv

Nan devlope repons redaksyon-kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf, asire w ke ou kenbe eksplikasyon sa yo nan tèt ou:

Dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la.”

Kontèks Istorik refere a “sikonstans istorik enpòtan yo ki antoure oswa konekte evènman yo, lide yo, oswa devlopman yo nan dokiman sa yo.”

Analize vle di “egzaminen yon dokiman epi detèmine eleman ak relasyon li yo.”

Eksplike vle di “pou senplifye oswa fè li fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon.”

Fyabilite detèmine pa presizyon ak itilite enfòmasyon yo jwenn nan yon sous pou yon objektif espesifik.

Enstriksyon KRK Seri 2 (Kesyon 30): Li ak analize dokiman ki swiv yo avan ou ekri redaksyon kout ou nan ti liv redaksyon apa a.

Dokiman 1

. . . Mwen kwè fòs debaz nou yo nan Sid Vyetnam ta dwe redui nan yon minimòm, ann akò ak pwoteksyon enstalasyon ak pwopriyete nou yo nan peyi sa a. Enkyetid mwen se yon gwo ranfòsman twoup ameriken ki sou teren yo ta ka entèprete pa kominis yo, ak pa lemond antye, kòm yon volonte nou genyen pou nou genyen lagè a sou teren an.

Sa a ta ka yon dega. Li ta ka tounen yon angajman san fen bò kote nou ki ta mande plis twoup sou teren toujou, san yon espwa reyalis pou laviktwa final.

Mwen pa kwè sitiyasyon an ka konpare ak Kore. Pozisyon politik pati ki enplike yo, ak kondisyon fizik yo, ki gen ladan teren an, konplètman diferan. . . .

Sous: Clark M. Clifford, Chairman of the President's Intelligence Advisory Board (Prezidan Konsèy Konsiltatif Entelijans Prezidan an), Letter to President Johnson (Lèt bay Prezidan Lyndon Johnson), 17 me 1965

Dokiman 2

. . . Poukisa jèn Ameriken yo, ki fèt nan yon peyi ki chaje ak espwa ak pwomès lò, dwe travay di, soufri e pafwa mouri nan yon kote konsa ki izole ak byen lwen?

Repons lan, tankou lagè a, se pa yon repons fasil, men li rezone byen klè nan leson ki bay soufrans yo tire pandan mwaye yon syèk. Twa fwa nan lavi m, nan de Gè Mondyal ak nan Kore, Ameriken yo te ale nan peyi byen lwen pou goumen pou libète. Nou te aprann, pandan sa te koute nou chè anpil, retrè pa pote sekirite e feblès pa pote lapè. . . .

Ki objektif nou nan peyi sa a ki gen anpil pwoblèm ak lagè?

Premyèman, nou gen entansyon konvenk Kominis yo nou pa ka pèdi batay la ni ak fòs zam ni ak yon pouvwa siperyè. Yo pa fasil pou nou konvenk. Nan dènye mwa yo, yo ogmante fòs pou yo goumen anpil, atak yo ak kantite ensidan yo. . . .

Mwen bay lòd jodi a pou voye Divizyon Ayeryen Mobil la ak kèk lòt fòs nan Vyetnam ki pral ogmante fòs konba nou yo soti nan 75,000 pou rive nan 125,000 gason prèske tousuit. Y ap bezwen plis fòs pi devan, epi y ap voye yo jan yo mande a.

Sa ap fè li nesesè pou nou ogmante fòs konba aktif nou yo lè nou ogmante apèl konskripsyon chak mwa a soti nan 17,000 sou yon peryòd tan pou rive nan 35,000 pa mwa, epi pou nou ranfòse kanpay nou an pou enskripsyon volontè. . . .

Menm jan ak aksyon nou te fè nan pase, nou mezire etap sa yo ak anpil atansyon pou fè sa ki dwe fèt pou mete yon fen nan agresyon e pou rive nan yon règleman ki fèt ak lapè. . . .

Paske dèyè angajman Ameriken nou an gen detèminasyon ak resous, mwen kwè, tout nasyon Ameriken an. . . .

Sous: Prezidan Lyndon B. Johnson, Press Conference (Konferans pou Laprès), 28 jiyè 1965

KRK Seri 2 (Kesyon 30)

Sa pou fè: Baze sou lekti ak analiz ou de dokiman sa yo, aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman 1 ak 2
- Analize **Dokiman 1** epi eksplike kòman *odyans*, **oswa bi**, **oswa patipri**, **oswa pwen de vi** afekte itilizasyon dokiman sa a kòm yon sous fyab pou prèv

Gid:

Nan redaksyon kout ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte travay la avèk reyalite ak egzanp ki enpòtan

Ou *pa* oblije enkli yon entwodiksyon oswa yon konklizyon apa nan redaksyon kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf.

Pati III

REDAKSYON KONESANS SIVIK (Kesyon 31–37)

Kesyon Redaksyon Konesans Sivik sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Kontèks Istorik: Kreyasyon yon Gouvènman Nasyonal ki pi Solid

Pandan tout istwa Etazini, Ameriken yo te fè deba sou anpil pwoblèm ki gen rapò ak konstitisyon ak sivik. Deba sa yo te fè moun yo, gwoup yo, ak gouvènman yo fè demach pou atake pwoblèm sa yo. Efò sa yo te bay siksè nan nivo diferan. Youn nan pwoblèm konstitisyon ak sivik sa yo se *kreyasyon yon gouvènman nasyonal ki pi solid*.

Sa pou fè: Li epi analize dokiman ki nan Pati A yo. Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou genyen sou istwa Etazini, reponn kesyon ki suiv chak dokiman nan Pati A. Repons ou bay pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B a kote y ap mande w pou w

- Dekri sikonstans istorik ki antoure kesyon konstitisyon oswa sivik sa a
- Eksplike efò moun yo, gwoup yo, ak/oswa gouvènman yo pou adrese pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Diskite enpak efò yo te genyen sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou ilistre yon bagay ak mo oubyen pou rakonte l”
- (b) **esplike** vle di “fè l vin klè oswa fasil pou konprann; bay rezon pou oswa kòz; montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (c) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Redaksyon Sou Konesans Sivik
Pati A
Kesyon ak Repons Kout (31–36)

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

. . . Prèske tousuit apre yo te fin kreye Konfederasyon an, anpil Ameriken, tankou [James] Madison, te vin wè li te twò fèb pou fè sa yo te vle. Nan ane 1780 yo, pwoblèm yo te grav e evidan [klè]. Kongrè a pa t kapab mete taks epi peye fakti l yo. Li pa t kapab nourir, abiyè, oswa bay lame a materyèl. Li pa t kapab fòse tarif pou kontwole komès oswa pou pran revanj kont anpi mèkantilis ewopeyen yo. Li te menm gen pwoblèm pou rasanble yon minimòm kantite manm pou fè biznis. Tantativ pou revize atik yo epi bay Kongrè a pouvwa pou enpoze yon taks 5 pousan sou machandiz Ewopeyen enpòte yo te kontrekare paske yo te bezwen jwenn konsantman jeneral tout trèz eta yo. Nan kad entènasyonal, Etazini t ap sibi imilyasyon. Nan Mediterane a, pirat Barbary yo t ap sezi bato Ameriken yo epi vann maren yo kòm esklavaj, epi konfederasyon an pa t gen pouvwa pou fè anyen. Li pa t menm kapab garanti entegrite teritwa nouvo nasyon an. Grann Bretay te kontinye kenbe pòs nan pati nòdwès teritwa Etazini yo, malgre te gen trete pou lapè 1783 la. Nan sidwès la, Espay t ap reklame teritwa ki te gen ladan l yon gwo pati nan Alabama ak Misisipi jodi a epi li t ap fè konplo ak opozan ameriken yo pou separe ak Inyon an. . . .

Sous: Gordon Wood, *Revolutionary Characters: What Made the Founders Different* (*Pèsonaj Revolisyonè yo: Sa ki te fè fondatè yo diferan*), Penguin Press, 2006

- 31 Dapre Gordon Wood, ki **yon** sikonstans istorik ki te mennen nan kreyasyon yon gouvènman nasyonal ki pi solid? [1]

Score


Dokiman 2a

. . . Nan Massachusetts, pandan sezon ivè 1786 la, kiltivatè ki te gen gwo dèt epi ki te gen tè yo t ap sezi te refize peye enpo leta yo, yo te fèmen tribinal lokal yo, epi yo te sezi yon kantite zam gouvènman an . Twoup ki soti nan Massachusetts te kraze revolisyon kiltivatè yo a—yo te rele Rebelyon Shays la, dapre non dirijan l lan, Daniel Shays—pandan Kongrè Konfederasyon an te kanpe san defans nan kriz la. “Soti sou wotè nou te kanpe a,” Jeneral Washington te di nan yon lèt li te ekri John Jay nan dat 18 me 1786, “pou nou te tonbe konsa! Telman pèdi! Sa vrèman tris anpil.” Pou lidè nasyonal yo, ki gen ladan Washington, nesosite pou yon gouvènman santral ki pi solid te vin pi plis evidan. Men, Ameriken yo te fèk revòlte kont yon gouvènman tiranik, epi yo te toujou sispèk yon konsantrasyon pouvwa gouvènman an. . . .

Sous: Donald Ritchie, *Our Constitution (Konstitisyon nou an)*, Oxford University Press, 2006

Dokiman 2b

Yon ilustrasyon grave ki montre batay pandan Rebelyon Shays la an 1786.



Sous: New York Public Library Digital Collections (adapte)

- 32 Baze sou dokiman sa yo, ki **yon** sikonstans istorik ki te mennen nan kreyasyon yon gouvènman nasyonal ki pi solid? [1]

Score

Dokiman 3

. . . Rebelyon Shays la te atire atansyon sou posib defo nan gouvènman nasyonal la ki. . . te vin pi plis parèt. Anfèt, anviwon de mwa anvan revolisyon nan Massachusetts yo te eklate, Kongrè a te pale sou yon mosyon pou òganize gouvènman an yon lòt fason. Pita nan menm ane a (1786), yo te prezante yon pwopozisyon pou òganize yon rasanbleman nan Annapolis, Maryland. Objektif rasanbleman sa a se te pou sèlman jere anpil pwoblèm ki te soulve konsènan komès ant diferan eta yo. Reyaksyon ak rasanbleman nan Annapolis la te pi byen modere. Anfèt, se senk eta sèlman ki te reprezante lè reyinyon yo te kòmanse. Sepandan, se pandan reyinyon sa yo ki te gen Rebelyon Shays la. Nan dat katòz septanm, Alexander Hamilton, delege ki soti Nouyòk e, jan nou te wè sa, youn nan pi gwo sipòtè nesosite pou yon gouvènman nasyonal solid, te fè yon pwopozisyon enpòtan. Li te pwopoze pou tout eta yo voye delege nan yon nouvo rasanbleman nan Filadèlfi nan dezyèm lendi mwa me 1787 la. Hamilton te di rasanbleman sa a pa ta dwe sèlman okipe pwoblèm komèsyal yo, men li ta dwe pale sou tout bagay ki nesèsè “pou fè Konstitisyon Gouvènman Federal la apwopriye pou [pwoblèm] Inyon an.”

Yon lòt fwa ankò, reyaksyon an te modere, men nan dat 21 fevriye 1787, Kongrè a te dakò pou yo òganize yon rasanbleman ki te gen pou objektif “revize Atik Konfederasyon yo”. Pifò nan delege yo pa t reyalize sa yo t apral fè nan Filadèlfi a pa t ap sèlman revize Atik Konfederasyon yo, men kreye yon nouvo fòm gouvènman pou Etazini. . . .

Sous: Martin W. Sandler et al., *The People Make A Nation (Pèp la fè yon nasyon)*, Allyn ak Bacon, 1971

33 Baze sou dokiman sa a, ki **yon** efò ki te fèt pou abòde kreyasyon yon gouvènman nasyonal ki pi solid? [1]

Score

Dokiman 4

. . . Sa jounal yo t ap enprime pou avantaj pèp souverèn an pandan pwosesis ratifikasyon an te sijè deba a. Enprime Konstitisyon an te yon bon bagay; pibliye kòmantè ki te jwenn defo ladan l te yon lòt bagay ankò. esè politik an favè ratifikasyon yo pa t gen pwoblèm pou yo te pibliye: Deja pandan ete 1787 la, pandan rasanbleman federal la t ap travay an sekre, jounal yo te pibliye atik ki te defann adopsyon nenpòt gouvènman nasyonal solid yo ta pwopoze a. Lè rasanbleman an te fini, plis esè politik te parèt ki te dekri konstitisyon an epi ki te chante lwanj li. Sepandan, yon deba mande de pati. Yo te bezwen kèk semèn anplis ak anpil kouraj pou yo pibliye kritik konstitisyon an.

Kou yo te kòmanse, deba nan jounal yo te plis pase yon senp entwodiksyon pou deba ki pi desizif nan leta a pou ratifye konvansyon yo, ki t apral kòmanse. Yo te enfliyanse elektè ki te chwazi delege pou rasanbleman yo epi yo te bay delege sa yo yon seri agiman yo te ka adopte, petèt modifiye, epi repete. . . .

Sous: Pauline Maier, *Ratification: The People Debate the Constitution (Ratifikasyon: Pèp la ap fè deba sou Konstitisyon an)*, 1787-1788, Simon ak Schuster, 2010

34 Dapre Pauline Maier, ki **yon** efò yo te fè pou kreye yon gouvènman nasyonal ki pi solid? [1]

Score

Dokiman 5

. . . Gouvènman nasyonal fèb la anba atik konfederasyon yo te kreye anpil pwoblèm. Nan lane 1787, pwoblèm sa yo finalman te mennen nan yon konvansyon pou konskripsyon yon nouvo akò pou gouvènman nasyonal la, Konstitisyon Etazini an. Men, mank yon deklarasyon dwa moun nan konstitisyon an te vin tounen rezon prensipal ki fè anpil moun te opoze li. Anpil eta te refize ratifye Konstitisyon an jiskaske yo te asire yo yo t ap ajoute yon pwojè lwa pou dwa yo. Menm apre twa ka nan eta yo te ratifye konstitisyon an nan lane 1788, gen kèk eta ki te menase pou yo konvoke yon dezyèm konvansyon pou febli pouvwa l yo. Batay la pa t fini jiskaske yo te finalman ajoute yon deklarasyon dwa moun nan konstitisyon an. . . .

Sous: Linda R. Monk, *The Bill of Rights A User's Guide (Deklarasyon Dwa Moun: Yon Gid Itilizatè)*, Hachette Books, 2018

35 Dapre Linda Monk, ki **yon** enpak efò yo te fè pou kreye yon gouvènman nasyonal ki pi solid? [1]

Score

Dokiman 6

An 1787, yon gwoup patriyòt devwe te rasanble nan Filadèlfi, avèk gwo responsablite pou bati yon gouvènman ki pou dire pou jenerasyon k ap vini yo, pou chèche bati yon kad ki pi stab e pèmanan pou yon demokrasi ki t ap fèk parèt. Deba pasyone ak negosyasyon entans te bay plas pou konpwomi dirab, epi yon dokiman te parèt ki te vin tounen fondasyon Amerik la. Konstitisyon Etazini an, ki te siyen 17 septanm nan, te gide peyi nou an nan tan ki toujou ap chanje. Li gide nou antanke lidè nan monn nan epi li pwoteje otorite fondamantal sitwayen nou yo. Epi li garanti grandè nasyon nou an pa janm depann de okenn moun—li mande patisipasyon konplè ak aktif yon sitwayen angaje e ki vibran. . . .

Sous: Prezidan Barack Obama, Presidential Proclamation—Constitution Day and Citizenship (Pwoklamasyon Prezidansyèl—Jou Konstitisyon ak Jou Sitwayènte), 16 septanm 2016

36 Dapre Prezidan Barack Obama, ki **yon** enpak efò yo te fè pou kreye yon gouvènman nasyonal ki pi solid? [1]

Score

Pati B

Kesyon Redaksyon Konesans Sivik (37)

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman nan kò redaksyon an. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik: Kreyasyon yon Gouvènman Nasyonal ki pi Solid

Pandan tout istwa Etazini, Ameriken yo te fè deba sou anpil pwoblèm ki gen rapò ak konstitisyon ak sivik. Deba sa yo te fè moun yo, gwoup yo, ak gouvènman yo fè demach pou atake pwoblèm sa yo. Efò sa yo te bay siksè nan nivo diferan. Youn nan pwoblèm konstitisyon ak sivik sa yo se *kreyasyon yon gouvènman nasyonal ki pi solid*.

Sa pou w fè: Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou genyen sou istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou

- Dekri sikonstans istorik ki antoure kesyon konstitisyon oswa sivik sa a
- Eksplike efò moun yo, gwoup yo, ak/oswa gouvènman yo pou adrese pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Diskite enpak efò yo te genyen sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Gid:

Nan redaksyon w lan, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Eksplike *omwen de (2)* efò pou abòde pwoblèm lan
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

